

BAB III

MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1 Méthode Panalungtikan

Saperti anu geus dijéntrékeun dina BAB I, yén métodologi anu dipaké dina ieu panalungtikan téh nyaéta métode déskriptip. Hal-hal anu rék didéskripsikeunana nyaéta fakta-fakta anu nyampak dina sumber primér, nyaéta novel *Kolébat Kuwung-kuwungan Kinasih Katumbirian* jeung *Galuring Gending*.

3.2 Téknik Panalungtikan

Pikeun meunangkeun data-data kahirupan ngeunaan Tatang Sumarsono, dina ieu panalungtikan ngagunakeun téknik wawancara jeung studi pustaka. Wawancara dipaké pikeun nyiar data ngeunaan kahirupan Tatang Sumarsono. Studi pustaka dipaké pikeun ngalengkepan data tinulis saméméhna. Anu saterusna milih dua novél anu dianggap raket patalina jeung data anu geus dikumpulkeun.

Sedengkeun léngkah garapanana saperti anu kaunggel di handap:

- 1) Tatahar
 - a) Ngasongkeun judul panalungtikan;
 - b) Nyusun rarancang (proposal) panalungtikan;
 - c) Tala'ah pustaka;
 - d) Konsultasi ka dosén pangaping.
- 2) Ngumpulkeun Data
 - a) Wawancara;

- b) Studi pustaka;
- c) Konsultasi ka dosén pangaping.

3) Ngolah Data

- a) Niténan data;
- b) Ngaanalisis data;
- c) Milih jeung milah data;
- d) Nyindekeun data.

4) Tahap Nyusun Laporan

Ngeunaan tahap nyusun laporan, sistematikana ébréh saperti di handap:

JILID

LAMBAR PENGESAHAN

LAMBAR PERNYATAAN

PANGJAJAP

ABSTRAK

DAPTAR EUSI

BAB I BUBUKA

BAB II SOSIOLOGI SASTRA, PERSPÉKTIF BIOGRAFIS, JEUNG
NOVÉL

BAB III MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

BAB IV PERSPÉKTIF BIOGRAFIS DINA NOVEL *KOLÉBAT KUWUG-
KUWUNGAN KINASIH KATUMBIRIAN* JEUNG *GALURING GENDING*
KARYA TATANG SUMARSONO: ANALISIS SOSIOLOGI SASTRA

BAB V KACINDEKAN

DAFTAR PUSTAKA

RIWAYAT HIRUP

3.3 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data dina ieu panalungtikan dumasar kana dua novel karangan Tatang Sumarsono nyaéta *Kolébat Kuwung-kuwungan Kinasih Katumbirian* jeung *Galuring Gending* sarta sumber-sumber tinulis lianna jeung hasil wawancara panulis jeung Tatang Sumarsono, anu dilaksanakeun tanggal 30 Méi 2010 di Cibiru. Pikeun ngalengkepan data tinulis, sumber data dina ieu panalungtikan ogé dicokot tina Observasi nyaéta sababaraha informasi anu dihasilkeun saperti ruang (tempat), palaku, kagiatan, objék, tindakan, kajadian atawa peristiwa, jeung waktu.